



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONTE ONONDAGA AK PATNÈ MINISIPAL YO  
JENERE PLIS PASE 19 MILYON DOLA NAN FON KORESPONDANS ETA A**

***19,342,064 dola nan fon korespondans Eta a kòm rezulta ekonomi kontribiyab yo  
te reyalize an 2019***

***Eta a apwouve 95% korespondans ekonomi kontribiyab yo jenere atravè  
egzekisyon nouvo pwojè sèvis pataje ki idantifye nan nivo lokal***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Konte Onondaga ak patnè minisipal yo pral resevwa plis pase 19 milyon dola nan fon korespondans Eta a atravè Inisyativ Sèvis Pataje nan Tout Konte a (County-Wide Shared Services Initiative, CWSSI) pou bon patenarya avèk Vil Syracuse, Distri Lekòl Vil Syracuse, Konte Cayuga ak Oswego ak Vilaj Manlius ak Fayetteville. Konte Onondaga te reyalize inisyativ pou konsolide sèvis yo epi fè kontribiyab yo ekonomize lajan atravè efikasite gouvènman an yo nan sèvis ak pwogram kominotè yo.

"Isit la nan New York, nou angaje pou nou jwenn fason ki nouvo ak inovatè pou nou ekonomize lajan kontribiyab yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen bat bravo pou efò lidèchip yo nan Konte Onondaga ansanm avèk Konte Cayuga ak Oswego, Vil Syracuse, Distri Lekòl Vil Syracuse ak tout responsab lokal yo dèské yo panse odela pou jwenn fason efikas pou ede redui depans yo ak jenere ekonomi reyèl pou kontribiyab New York yo".

Konte Onondaga te kòmanse senk pwojè sèvis pataje pou atenn plis pase 20 milyon dola nan ekonomi kontribiyab yo nan premye ane egzekisyon pwojè a. Ekonomi montan ki similè ta dwe kontinye sou plizyè ane alavni pandan patnè sèvis pataje yo ap kontinye pwojè ak sèvis sa yo. Pandan ane fiskal sa a, CWSSI bay yon korespondans Eta 95 poustan pou ekonomi kontribiyab yo te reyalize atravè egzekisyon nouvo sèvis pataje yo ki idantifye nan plan yo nan tout konte a ki pwodui akòz Inisyativ la. Senk pwojè Onondaga yo egzekite konsa:

- Fè patenarya avèk Vil Syracuse ak Distri Lekòl Vil Syracuse la pou ekonomize 16,609,003 dola atravè kreyasyon yon Plan Medikaman Konjwen Medicare Advantage.
- Konte Onondaga fè patenarya avèk Vil Syracuse ak Konte Oswego pou ofri Sèvis Manadjè Benefis Famasi pou yon ekonomi 3,412,968 dola.

- Vilaj Manlius ak Fayetteville fè patenarya pou pataje responsabilite chèf depatman ponpye a pou ekonomize 214,418 dola.
- Konte Onondaga fè patenarya avèk Konte Kayuga nan kad yon inisyativ konbine pou apèl dòf sou sèl wout pou yon ekonomi 111,678.71 dola.
- Vilaj Manlius ak Fayetteville fè patenarya pou achte senk anbilans sa ki ekonomize kontribiyab yo 12,000 dola.

95% korespondans Eta a pou sèvis pataje ki idantifye yo pral lakòz montan prim total sa yo:

Konte Onondaga - 5,424,961 dola  
 Vil Syracuse - 9,416,936 dola  
 Distri Lekòl Vil Syracuse - 4,285,070 dola  
 Vilaj Fayetteville - 106,238 dola  
 Vilaj Manlius - 108,860 dola

**Sekretè Eta Pwovizwa, Robert J. Rodriguez, te deklare**, "Nou angaje pou nou travay ansanm avèk patnè gouvènman lokal nou yo pou kontinye chèche nouvo fason pou ekonomize lajan kontribiyab yo ak kreye efikasite. Ekonomi sa yo ke Konte Onondaga te atenn ilistre diferans reyèl Inisyativ Sèvis Pataje nan Tout Konte a kapab fè pou kontribiyab yo nan New York".

**Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon te deklare**, "Konte Onondaga ap chèche kontinyèlman fason pou bay pi bon kalite sèvis pou rezidan nou yo pandan y ap fè bon jeson lajan taks yo. Dènye inisyativ reyisit sa yo avèk patnè minisipal nou yo se prèv efò sa yo. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul dèske li rekonèt efò sa yo epi bay finansman korespondans sa yo. Nou pa ka tann pou nou jwenn fason siplemantè nou kapab ede jwenn ekonomi pou kontribiyab lokal nou yo".

**Majistra Vil Syracuse Ian Ben Walsh te deklare**, "Nan travay ansanm avèk Konte Onondaga ak Distri Lekòl Vil Syracuse, nou te rive reyalize ekonomi konsiderab pou kontribiyab lokal yo nan ofri benefis ak sèvis swen sante bon kalite pou anplwaye nou yo. Inisyativ fon korespondas eta a fè kolaborasyon an vin ankò pi benefik pou moun n ap sèvi yo. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul dèske li respekte angajman eta sa a pou rekonpanse pwogram sèvis pataje efikas yo. Mwen pa ka tann pou mwen travay avèk patnè lokal nou yo sou kolaborasyon alavni yo pou ekonomize lajan ak amelyore sèvis yo".

**Senatè John W. Mannion, te deklare**, "Pataje sèvis ak jwenn efikasite nan gouvènman lokal yo se bon bagay pou kontribiyab yo epi Konte Onondaga te pwouve li se youn nan estanda referans nan Eta New York. Mwen fyè pou m rejwenn Gouvènè Kathy Hochul nan sipòte pwogram CWSSI a ak plis pase 19 milyon dola nan fon korespondans eta a ki jenere atravè patenarya konte a dirije avèk lekòl, vil ak kominate ozalantou yo, sa gen ladan Fayetteville ak Manlius".

**Senatè Rachel May te deklare**, "Rezidan nou yo merite sèvis efikas nan men gouvènman an. Minisipalite yo ki senplifye fason yo founi sèvis yo jenere ekonomi pandan y ap kenbe kalite livrezon sèvis la. Se bòn nouvèl ke patenarya sa a te ekonomize plizyè milyon nan lajan kontribiyab yo epi Eta a ap bay fon korespondans yo isit la nan Konte Onondaga. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul ak felisite tout minisipalite yo!"

**Manm Asamble William Magnarelli te deklare**, "Fon korespondans Eta a yo atravè Inisyativ Sèvis Pataje nan Tout Konte (CWSSI) a ankouraje patenarya efikas, tankou konsolide sèvis ak ekonomize lajan kontribiyab yo. Pwogram sa a se yon egzanp gouvènman lokal ak eta yo k ap inove fason pou pi byen sèvi rezidan nou yo nan yon pri ki redui".

**Manm Asamble Al Stirpe te deklare**, "Finansman konsiderab sa a, kòm rezulta sèvis pataje kolaboratif, se yon bagay gayan-gayan pou kontribiyab nou yo. Pa konsekan, siksè egzekisyon sa a pral kontinye elaj opòtinite pou redui depans yo ankò plis. Nou remèsyé Gouvènè Hochul ak reprezantan lokal nou yo pou angajman yo anvè Nouyòkè yo nan Rejyon Nò Eta a ak sipò pou patnè minisipal nou yo".

**Manm Asamble Pamela Hunter te deklare**, "Konte nou an, vil ak distri lekòl la ta dwe fyè de travay yo te fè nan kad inisyativ sèvis pataje a. Non sèlman kolaborasyon sa a pral amelyore sèvis yo, li pral fè rezidan yo ekonomize sou taks pwopriyete yo. Avèk zòn nou an k ap resevwa pi gwo montan fon korespondans yo, nou pral kapab envesti ankò plis nan sèvis lokal nou yo".

CWSSI jenere ekonomi sou taks pwopriyete lè li facilite kolaborasyon ant gouvènman lokal nan tout eta a. Dokiman oryantasyon yo konsènan pwosesis aplikasyon korespondans CWSSI ak Eta a, ansanm ak plan pase CWSSI yo, disponib [isit la](#).

Se Divizyon Sèvis Gouvènman Lokal nan Depatman Eta a ki administre Inisyativ Sèvis nan Tout Konte a. Divizyon an ap bay asistans teknik ak sibvansyon konpetitif pou gouvènman lokal yo. Pou plis enfòmasyon sou CWSSI oswa nenpòt pwogram Divizyon an administre, kontakte [localgov@dos.ny.gov](mailto:localgov@dos.ny.gov) oswa rele [518 473-3355](tel:5184733355).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)